

# Gid rapid pou lekòl adomisil (Homeschooling)

## Kisa Homeschooling ye?

- Homeschooling se lè paran anseye pitit yo lakay olye pou voye yo nan yon lekòl leta, charter oswa lekòl prive. Paran oswa responsab se yo ki responsab edikasyon pitit yo, tankou chwazi kourikoulòm ki gen ladan matyè espesifik.
- Yon paran oswa yon responsab pa bezwen pou gen sètifikasi men li dwe swiv règleman NYSED Pati 100.10 epi voye dokiman chak ane ba NYC Homeschool Office.

## Mesaj enpòtan

- Pwofesè nan lekòl leta Vil Nouyòk pa fè enstriksyon epi epi elèv ki lekòl lakay pa resevwa resous tankou konpitè, liv oswa aksè nan pifò pwogram ki nan lekòl, tankou espò ak aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm lan.
- Elèv ki lekòl adomisil pa resevwa yon diplòm Eta Nouyòk ni yo pa jwenn kredi lekòl segondè.
- Eta Nouyòk pa rekonèt diplòm pou lekòl ki fèt sou entènèt sèlman, men pwogram sou entènèt yo ka fè pati plan lekòl adomisil ou a (IHIP). Menmsi yon pwogram sou entènèt itilize mo tankou "accredited" oswa "certified," elèv ou a pa pral resevwa yon diplòm Eta Nouyòk.
- Depi yon elèv vin gen laj 17 ane epi li fini ane lekòl kote li vin gen laj 17 ane, li ka aplike pou egzamen diplòm ekivalan lekòl segondè (High School Equivalency, GED).
- Si pitit ou a gen yon pwoblèm medikal ki anpeche li ale lekòl, ou ka elijib pou enstriksyon ki nesesè akoz maladi oswa enstriksyon adomisil atravè NYCDOE — ou ka kontakte yo nan [hiapply@schools.nyc.gov](mailto:hiapply@schools.nyc.gov)
- Si pitit ou a lekòl lakay eli li bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou dwe mande sèvis sa yo alekri dirèkteman nan Komite sou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) pou zòn ou an. Ou dwe voye demand sa a nan dat 1ye jen pou ane lekòl apre a pou pi ta.

## Responsabilite paran

- Chwazi kourikoulòm lan epi asire pitit ou a resevwa enstriksyon. Ou ka itilize moun ki bay lesон patikilye oswa pwogram sou entènèt men ou responsab pou sipèvize ak fè tout rapò ki obligatwa.
- Bay tout materyèl enstriksyon.
- Voye tout dokiman chak ane- LOI, IHIP, rapò chak trimès ak evalyasyon anyèl.
- Sipèvize aprantisaj pitit ou a epi kenbe dosye enstriksyon, pwogrè, evalyasyon ak prezans ki detaye. Ou dwe asire tou ou respekte lè enstriksyon ki obligatwa yo:

Klas 1ye–6yèm ane: 900 èdtan/ane

Klas 7yèm–12yèm ane: 990 èdtan/ane

## Kontak

- Etap, fòma, resous detaye ak Pati 100.10 règleman yo: [schools.nyc.gov/home-schooling](http://schools.nyc.gov/home-schooling)
- Pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon ak patisipasyon : [LetterofIntent@schools.nyc.gov](mailto:LetterofIntent@schools.nyc.gov)
- Pou jwenn efnòmasyon sou enstriksyon: [Homeschool@schools.nyc.gov](mailto:Homeschool@schools.nyc.gov)
- Rele nan 718 935 2343